



### **Sanktifye tèt nou**

*Mennen yon lavi apa pou BonDye. Si se pa sa, pa gen moun k'ap wè Seyè a. (Ebre 12 v.14)*

Espesyal meditasyon ki sòti nan yon ekstrè nan yon seri ki rele : "Un Miracle chaque jour".

**Mèkredi 23 oktòb 2019**

**Sijè :** Opòtinite oswa defèt ? Chwa sa depann de ou !

**Vèsè :** 1 Samyèl 17:45 - *David di sòlda Filisti a konsa: -W'ap mache sou mwen avèk nepe, gwo frenn ak ti frenn. Men mwen menm, m'ap mache sou ou nan non Seyè ki gen tout pouvwa a, BonDye lame pèp Izrayèl la. Se Li menm ou te mete an defi vin goumen avè ou.*

**Leson :** Ou gen chwa pou konsidere chak jou kòm yon gwo defèt pou ou oswa kòm yon bèl opòtinite pou w' wè men BonDye k'ap aji nan aksyon ou yo !

Si ou vle reyalize rèv BonDye gen pou lavi w', ou gen pou w' monte anpil gwo tèt mòn, bat anpil gwo obstak ak anpil lòt gwo bagay ankò. Poutèt sa, ou ka chwazi fè fas ak tout gwo danje sa yo avèk asirans ke ou kanpe ansanm ak Sila a ki pa janm pèdi batay !

**Sa pou nou sonje :** BonDye toujou gen dènye mo a. **Toujou !** E lèmi ki anndan ou an konnen sa. Se pou rezon sa a ke l'ap fè tout kalite bagay pou l' vole rèv ke BonDye mete nan ou. Papa ou ki nan Syèl la konnen byen kiyès ou ye, e Li konnen egzakteman kijan pou L' ede ou reyalize rèv Li mete nan ou ak reyalite lavi w'ap mennen chak jou.

**Refleksyon** : Èske w'ap kite lènmi an vòlè rèv ou (yo) ? Poukisa ou pa kite oswa mande BonDye ede ou fè rèv ou yo reyalize ?

**Chante** : *Compte les bienfaits*, Sebastian Demrey & Jimmy Lahaie  
Gade sou: <http://youtu.be/mywV4B6SYGE>

**Konsèy** : Zanmi mwen, nou ankouraje w pou pran desizyon fèm epi byen detèmine pou w' leve chak maten ak yon mantalite ke ou plis ke venkè. (Li Women 8.37), E asire w ke BonDye ap goumen pou ou. (Li 2 Istwa 20:15.)

Amèn ?

🙏 **An nou priye pou n' ka reyalize rèv nou dapre BonDye.** 🙏

Pou mande konsèy, temwayaj oswa lapriyè, ekri nou sou: [sanctifiezvous@gmail.com](mailto:sanctifiezvous@gmail.com)

Swiv nou tou sou [Facebook](#), [Twitter](#), [Instagram](#) ak sou entènèt la :  
[www.sanctifiezvous.wordpress.com](http://www.sanctifiezvous.wordpress.com)